

## NULIS

Nulis teh hiji kagiatan anu pikaresepeun. Nulis bisa mantuan medarkeun masalah anu keur kaalaman. Nulis gé bisa mantuan pikeun manggihan solusi hiji masalah. Rereged tina hiji kasus bisa diungkulon ngaliwatan tulisan. Ari tulisan teh asalna mah tina wangun omongan (basa) anu diebrehkeun dina wangun tinulis. Basa nu kumaha nu kudu dipaké dina nulis téh? Nya basa-basa anu bener jeung merenah, tangtuna anu luyu jeung kaayaan sosial, dumasar kana fakta, objéktif, sarta teu ngaya-ngaya.

Nulis téh asup kana prosés anu produktif, hartina nulis kudu dilatih sacara konsistén komo dina umur anu keur produktif mah, upama teu resep nulis, naha hartina henteu produktif?

Karesep kana nulis di tataran rumaja Sunda kiwari beuki samporét waé. Ieu pamadegan téh diungkabkeun ku Etty RS dina Kompas.Com (24/6) 2010, anu nétélakeun yén minim pisan tulisan rumaja téh utamana dina ngarang carita budak. Minangka bukti, euweuh nu meunang pangajén Samsudi 2010. Ieu pisan anu kudu disingkahan téh! Upama niténan sawatara média citak Sunda, anu remen nulis basa Sunda téh didominasi ku umuran kolot. Naha mémang rumaja kiwari teu resep tutulisan? Atawa aya karep nulis mah tapi teu percaya kana kamampuh sorangan pikeun ngawawarkeunana? Atawa loba tulisan rumaja mah tapi teu nyumponan kahayang media citak?

Mungkin tilu masalah leutik di luhur téh aya enyana, barudak rumaja kiwari geus dijejelan ku rupa-rupa kamutakhiran tehnologi, tibatan tutulisan jigana leuwih resep kokoménan dina jejaring *face book, twitter, kaskus, foursquare, koprol, plurk, tagged, my space, jrrd*. atawa geuning ayeuna mah lolobana barudak téh hayang boga hp BB (*blackberry*) méh bisa bbm-an. Kajeun teuing teu meuli buku mah, nu penting pulsa keur bbm-an kudu cukup. Leuheung upama éta situs komunikasi téh dimangpaatkeun pikeun hal-hal anu positif, ari ukur cucurhatan jeung batur sakosan atawa sakelas mah meureun teu kudu bbm-an. tinggal keketrok, ngobrol, puguh ari panggih mah bisa bari meunteun batur nu keur dicurhatan (iwal ti babaturan anu pajauh). Tah beuki horéam waé meureun nulis téh. Padahal situs jejaring sosial ogé bisa dimangpaatkeun jadi ajang pikeun éksisténsi diri ngaliwatan tulisan, upamana nulis dina *Blog* anu bisa dibuka ku saha waé anu merlukeun tulisan urang. Kumaha sangkan batur maca? Gampang! Upama dina FB mah tinggal ditag-keun waé tulisan urang téh. Jadi teu mubajir upama kitu mah, ajang hiburan téh dimangpaatkeun ogé pikeun silih simbeuhan pangaweruh.

Dumasar katangtuan kurikulum sakola, siswa diperedih parigel nulis, boh dina basa Sunda, Indonésia, boh dina basa deungeun. Tah éta nu kudu dipaju téh, ieu lain tugas guru waé pikeun nyimbeuhan siswa-siswana ku rupa-rupa tiori nulis jeung praktékna, tapi ogé kudu aya karesep ti diri siswana sorangan. Nulis téh lain kagiatan anu hésé tapi teu babari, ku kituna kudu diperhatikeun pisan ieu pangajaran téh, lantaran ari tulisan mah bisa kapaké nepi ka ahir jaman, upamana anu ditulis ku urang téh ngeunaan sajarah, atawa carita-carita dina wangun fiksi anu bisa kapaké nepi ka waktu nu teu tangtu. Tah upama geus aya hasil meureun karék karasa mangpaatna téh.

Ari nulis téh mangrupa ékspresi ide, sawangan, pikiran, jeung rasa dina wangun tinulis (Tarigan, 1995: 117). Ku kituna nulis bisa dijadikeun tamba (terapi) pikeun diri sorangan, upamana jalma nu teu resep nyarita, naon anu rék dicaritakeun téh bisa dijieuun diwangun tulisan dari pada disidem, batan mangpaat kalah jadi panyawat. Nulis bisa jadi cara pikeun medar jeung ngaréngsékeun pasualan. Dina widang hukum bukti sacara tinulis kapireng moal aya tandingna, sah sarta moal bisa digugat. Ku kituna sakur hal-hal anu penting mah kudu aya bukti tulisanana. Komo deui dina widang atikan tulisan téh boga éssénsi anu punjur boh keur pribadi anu bisa ngaronjatkeun éksisténsi diri boh keur lembaga hususna sarta kamekaran palmuhan umumna.

Saenyana mah tujuan urang nulis téh salian pikeun ngawawarkeun hiji hal atawa ngainformasikeun kajadian, ogé boga tujuan salaku hiburan, ngatik jeung ngajak. Ku tulisan urang bisa nepikeun rupa-rupa informasi ngeunaan kajadian-kajadian penting, ku cara nulis urang bisa mangaruhan nu maca sangkan sapamadegan jeung materi tulisan, ku cara nulis

urang bisa méré pangaweruh sacara langsung pikeun nu macana, sarta ku cara nulis urang bisa ngahibur nu maca ngaliwatan materi tulisan téa.

Aya sawatara tips upama hayang jadi penulis anu bisa ngahasilkeun karya anu alus anu bisa maslahat pikeun nu macana, hartina lian ti kualitas (mutu) tulisan konsumsi pasar ogé alus, di antarana: (1) tong kapok nulis, hartina upama usaha nulis urang acan maksimal terus kudu dilatih, "tong kuméok méméh dipacok", (2) kudu bisa ngamotivasi diri sorangan, teu bisa urang dipaksa-paksa nulis upama datangna lain ti diri sorangan mah, (3) boga cecekelan, dina harti boga idola nu bisa dijadikeun conto atawa motivasi ogé pikeun nulis, (4) rajin macaan karya pangarang anu geus kawéntar sarta kasangtukang kahirupan pangarangna, upamana *Sir Arthur Conan Doyle* anu nyiptakeun tokoh *Sherlock Holmes* (carita detektive Inggris anu kasohor saalam dunya) boga kawani pikeun milih jadi penulis sarta ninggalkeun profesi dokterna. Sanajan mimitina mah éta dua pagawéan téh dilakonan, atawa *Merari Siregar* pangarang Indonésia angkatan balai pustaka, anu karyana kawentar ngaliwatan judul "azab dan sengsara" anu mangrupa konflik batin manéhna niténan kahirupan harita kumaha nasib awéwé di jaman harita, sacara teu langsung si pangarang méré kasempetan ka nu maca boga pamadegan sorangan, kalimah-kalimah peupeujeuh loba diasupkeun dina karyana, ogé *Dadan Sutisna* pangarang Sunda anu resep nyaritakeun kasang tukang manéhna sawaktu jadi budak kampung ngaliwatan carita-carita pikeun barudak anu diciptakeunana. Jadi pangalaman téh boga posisi anu sentral ogé dina medar sagala rupa hal, (5) boga gaya sorangan dina medarkeun matéri tulisan (boga ciri has), jeung (6) aya rasa percara diri dina medarkeun matéri tulisan, hartina salian ti percaya diri, ogé kudu diwewegan ku élmu pangaweruh sarta pangalaman. Patali jeung élmu pangaweruh kagiatan maca gé mangpaat pisan dina mantuan prosés nulis, lantaran ku loba maca tangtuna kosa kecap urang bakal nambahana, bisa jadi bahan babandingan jeung tilisan urang, sarta meunang pangalaman, pangalaman lain ukur tina hiji kajadian anu pernah kaalaman wungkul, tapi ogé aya pangalaman maca, pangaweruh anu nyampak dina sumber-sumber lain.

Tina genep tips di luhur aya kagiatan anu teu meunang diéngké-éngké deui, nya éta PRAK NULIS!! Lamun teu ayeuna rék iraha deui. Tulisan teu kawates ku umur. Niténan falsafah mahasiswa Sunda "Tong éra nyarita maké basa Sunda" cing kudu bisa dilarapkeun dina jihad nulis ogé "tong éra diajar nulis basa Sunda", hartina kudu boga kawani pikeun nulis.

*"If you would be a reader, read; if a writer, write." Epictetus quotes, Greek Philosopher associated with the stoics (Arul, 2010:5).*

**Temmy Widyastuti, M.Pd.  
Dosen Jurusan Bahasa Daerah UPI**